



## ESYON YO POZE SOUVAN

# AKSYON DIFERE POU TRAVAYÈ NAN KONFLI TRAVAY

## Ki nouvo pwosesis Depatman Sekirite Enteryè a (DHS) te anonse pou travayè yo?

DHS te kreye yon nouvo “pwosesis senplifye” pou travayè ki enplike nan yon konfli travay nan espas travay yo pou mande pwoteksyon tanporè kont depòtasyon ak yon pèmi travay. Objektif pwosesis sa a se ankouraje ekite, sekirite ak egalite pou tout travayè Ozetazini. Pou fè sa, li bay ajans ki fè respekte lalwa sou travay jarèt pou yo ka aplike nòm sou travay ak anplwa.

## Ki kalite pwoteksyon li ofri?

Pwoteksyon kont depòtasyon an vini nan fòm “aksyon ranvwaye” ki vle di “Deferred Action” nan lang anglè, epi li dire 2 lane. Aksyon ranvwaye se yon angajman DHS pran pou pa pouswiv depòtasyon kont yon moun pou yon peryòd tan espesifik. Moun ki resevwa aksyon ranvwaye elijib pou resevwa yon pèmi travay si yo kapab demontre yon nesosite pou travay. Aksyon ranvwaye ka renouvlab si investigasyon ajans ki fè respekte lalwa sou travay la oswa enterè li nan espas travay la kontinye. Pou pwosesis sa a mache, de (2) ajans dwe travay ansanm. Ajans sa yo se ajans travay federal, eta oswa lokal, ki mennen ankèt epi fè respekte lalwa travay, ak DHS, ki fè respekte lalwa imigrasyon. Ajans ki fè respekte lalwa sou travay la dwe di DHS l ap mennen ankèt sou konfli travay la epi li bezwen travayè ki pa sitwayen Etazini ki nan espas travay la pou resevwa pwoteksyon kont depòtasyon pou yo kapab ede nan ankèt la. Ajans ki fè respekte lalwa sou travay la voye yon lèt (pafwa yo rele l yon “Deklarasyon Enterè”) bay DHS ki dekri espas travay la ak travayè ki afekte yo, epi moun ki nan deskripsyon sa a elijib pou aplike endividyèlman pou aksyon ranvwaye.

## Kiyès ki ranpli kondisyon?

Pou w ka elijib, yon patwon aktyèl (oswa petèt yon ansyen patwon) travayè a dwe gen yon ankèt ouvè k ap fèt sou li nan yon ajans ki fè respekte lalwa sou travay EPI ajans ki fè respekte lalwa sou travay la ki mennen ankèt sou konfli travay la dwe soumèt yon lèt bay DHS ki sipòte aksyon ranvwaye pou travayè sa yo.

Sèl egzijans DHS tabli pou kritè yon travayè oblije satisfè se pou li koresponn ak kategori travayè ajans travay la dekri nan deklarasyon enterè a. Nenpòt travayè san papyè ka aplike - kit li nan pwosedi depòtasyon, kit li gen yon lòd pou kite peyi a, oswa li pa t janm gen entèraksyon ak ICE oswa tribinal imigrasyon yo. Tout moun ka itilize menm pwosesis la. Sepandan, sa se yon estati ki fè yo pa depòte w, sou dizon otorite DHS yo, sa ki vle di DHS ka deside sou chak grenn ka apa pou yo dakò oswa pou yo pa dakò aksyon ranvwaye, epi li ka refize li pou nenpòt rezon.

## **Kisa yon konfli travay ye?**

Nan kontèks pwosesis sa a, yon konfli travay se lè yon travayè oswa yon gwoup travayè nan yon espas travay patikilye fè konnen gen yon vyolasyon lalwa travay oswa anplwa bay yon ajans federal, eta oswa lokal ki ap kòmanse yon ankèt. Pa egzanp, si yon patwon pa peye travayè yo pou lè sipleman t y ap travay, si li pa bay kantite poz ki korèk, si li fòse moun yo siyen pou lè soti a anvan yo sispann travay vre, oswa si li pa bay bon jan materyèl sekirite, anplwaye yo ka pote plent bay patwon an epitou yo ka rapòte vyolasyon an bay yon ajans lokal, eta oswa federal ki fè respekte lalwa sou travay. Si w kwè patwon w lan ap vyole dwa travay ou, kontakte yon òganizasyon lokal ki travay sou kesyon dwa travayè, tankou yon sant travayè.

## **E si espas travay mwen an deja enplike nan yon konfli travay?**

Si w te deja enplike nan yon konfli travay ki objè yon ankèt, men ajans ki fè respekte lalwa sou travay la pa t voye yon deklarasyon enterè bay DHS, sant travayè lokal ou a oswa yon avoka ki gen bon repitasyon kapab ede w tou pou w mande youn.

## **Ki wòl ajans ki fè respekte lalwa sou travay jwe nan pwosesis aksyon ranvwaye?**

Yon ajans ki fè respekte lalwa travay (tankou Depatman Travay, oswa yon ajans onivo eta oswa lokal) dwe voye yon lèt bay DHS dirèkteman. Lèt la ta dwe di ajans lan ap mennen ankèt sou yon espas travay an patikilye epi li ta dwe site non espas travay la. Lèt la ta dwe eksplike travayè nan espas travay la bezwen pwoteksyon kont depòtasyon pou yo kapab ede ak ankèt la, epi idantifye ki gwoup travayè ki fè pati ankèt la. Note byen: ajans ki fè respekte lalwa sou travay pa p soti yon lèt pou kont li. Se pou travayè oswa defansè yo mande sa selon sèten faktè tankou laperèz travayè yo genyen pou patwon yo pa fè vanjans sou yo ak enterè gouvènman an genyen pou aplike lalwa sou travay patwon yo te vyole yo.

Pa egzanp, si yon ajans ki fè respekte lalwa sou travay ap mennen ankèt sou yon konpayi konstriksyon paske li pa peye travayè konstriksyon yo lè sipleman t soti nan mwa jen 2020 jiska jiyè 2022, pwosesis sa a aplikab sèlman pou travayè ki te travay pou konpayi a pandan peryòd sa a. Note byen: lèt sa yo pa bay non oswa idantifye travayè yo endividyèlman.

## **Ki jan travayè yo aplike pou aksyon ranvwaye ak otorizasyon travay?**

Moun ki nan kategori travayè ki dekri nan lèt ajans ki fè respekte lalwa sou travay kapab aplike pou aksyon ranvwaye ak yon pèmi travay. Yo dwe voye aplikasyon yo nan USCIS, epi yo dwe voye demann pou aksyon ranvwaye ak demann pou otorizasyon travay la menm lè. USCIS gen yon lis materyèl ou

dwe mete nan aplikasyon yo ki disponib sou [sit entènèt](#) li a. Note byen: demann pou aksyon ranvwaye pa gen okenn frè oswa pri, men demann pou otorizasyon travay la mande pou peye yon frè \$410 pou tretman, sof si aplikan an mande yon egzansyon frè ki vle di pou li pa peye frè a.

## **Ki kote mwen ka depoze aplikasyon mwen an?**

Ou dwe voye aplikasyon yo bay:

USCIS

Attn: Deferred Action

10 Application Way

Montclair, CA 91763-1350

## **Èske aksyon ranvwaye a ak otorizasyon travay la renouvlab?**

Yo ta dwe kapab renouvle l, sa pral depann konbyen tan ankèt sou travay la pran. USCIS poko fè okenn pwosesis renouvèlman klè nan moman sa. N ap voye yon lis FAQ aktyalize (ki vle di “kesyon moun poze anpil” an anglè), si li fè sa.

## **Èske pwogram sa a se yon chimen pou jwenn estati legal pèmanan?**

Non, aksyon ranvwaye se sèlman yon pèmisyon tanporè pou w rete Ozetazini.

## **Èske gen ris pou aplike?**

Si ou pa nan pwosedi depòtasyon oswa gen yon lòd desizif pou depòtasyon w, lè w aplike pou aksyon ranvwaye ap fè DHS konnen ou nan peyi a, sa ki toujou reprezante yon ris pou yo deside pran yon aksyon ranfòsman kont ou, sitou si yo pa t konnen ou te nan peyi a deja. Aplikasyon sa yo konfidansyèl, men gen yon posiblite pou yon lòt administrasyon prezidansyèl ka chwazi pou itilize enfòmasyon ki nan aplikasyon yo pou mete travayè yo nan pwosedi depòtasyon aprè estati yo ekspire. Epitou, si ou gen nenpòt kalite pase kriminel, ki gen ladan arestasyon, nou espesyalman rekòmande pou pale ak yon eskpè nan lalwa imigrasyon, tankou yon avoka nan zafè imigrasyon, anvan ou mande aksyon ranvwaye. DHS te di moun ki gen pase kriminel yo kapab elijib, men lè w genyen yon pase kriminel, sa kapab ogmante ris pou DHS refize aplikasyon w lan epi pran mezi ranfòsman kont ou.

Pou plis enfòmasyon sou nouvo pwosesis sa a, tanpri al gade nan FAQ ([Lis Kesyon yo Poze Souvan](#)) konplè sa a ak [Konsèy DHS](#) menm.



Tanpri sonje enfòmasyon sa yo la kòm yon resous pou manm kominote a epi yo pa konsidere yo kòm konsèy legal. Si w gen kesyon sou resous sa a, kontakte Ann Garcia nan [agarcia@nipnl.org](mailto:agarcia@nipnl.org) oswa Jessie Hahn na [DAforWorkers@nilc.org](mailto:DAforWorkers@nilc.org).